

# BAB 1

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh nya éta sistem lambang sora omongan nu sipatna arbitrér anu dipaké ku masarakat pikeun tujuan komunikasi. Hal ieu luyu jeung pamadegan (Sudaryat, 1991: 1) anu nyebutkeun yén basa téh sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvénsional) di antara anggota masarakat. Lambang sora omongan mangrupa sistem anu miboga wangun jeung harti, éta lambang sora téh dihasilkeun ku pakakas ucap manusa. Dipakéna basa téh dumasar kana karagaman atawa kasapukan masarakatna. Tujuan atawa fungsi utama dipakéna hiji basa nya éta pikeun pakakas atawa salaku alat komunikasi pikeun ngedalkeun pesen (rasa, pikiran, jeung kahayang) ka jalma lian atawa narima pesan ti nu lian. Basa miboga peran penting pikeun kahirupan manusa. Tanpa ayana basa, manusa moal bisa ngayakeun komunikasi.

Komunikasi, nya éta hiji kabutuhan fundaméntal jalma atawa individu dina kahirupan di masarakatna, sabab tanpa ayana komunikasi, masarakat moal bisa kawangun atawa moal aya wangun konkrit ayana masarakat. Sabalikna, tanpa ayana masarakat, komunikasi moal bisa dimekarkeun. Salaku mahluk sosial, manusa miboga kahayang pikeun ngayakeun hiji hubungan jeung manusa lianna. Manusa hayang mikawanoh rupa-rupa kaayaan anu aya di sabudeureunana. Salian ti éta, manusa ogé hayang mikawanoh naon baé anu geus karandapan. Manusa miboga kaparigelan kodrati pikeun basa anu dominan di lingkunganana séwang-séwangan.

Basa miboga kalungguhan penting dina kahirupan manusa, lantaran manusa teu bisa leupas tina komunikasi jeung masarakat tina kahirupan sapopoéna, pikeun paélmuhan, senu katut alat pikeun nepikeun rasa, kahayang, jeung gagasan manusa.

Kaparigelan basa ngawengku opat aspék nya éta: ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Tujuan pangajaran di SMP sangakan murid nyangkem kana

opat kaparigelan basa. Ngaregepkeun mangrupa salahsahiji tina opat kaparigelan basa nu geus kasebut. Pangajaran ngaregepkeun sarua pentingna jeung maca, nyarita, atawa nulis.

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, ngaregepkeun mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salahsahijina kompetensi dasar ngaregepkeun dongeng. Hal ieu kangel dina KTSP mata pelajaran basa Sunda nya éta pangajaran ngaregepkeun dongéng kelas VII semester 2.

Dina pangajaran ngaregepkeun dongéng kapanggih yén masih kénéh loba siswa anu can bisa maham kana eusi dongéng anu geus diregepkeunna. Katitén nalika guru nanya ka siswa ngeunaan eusi dongéng anu diregepkeun, dina kanyataanana éta dongéng téh teu pati bisa kacangkem ku siswa. Loba sababaraha alesan anu ngalantarankeunna, salahsahijina bisa tina faktor pribadi siswa sarta kurangna kaparigelan guru ngagunakeun sababaraha stratégi diajar dina nepikeun pangajaran di kelas. Hal ieu nyababkeun suasana diajar jadi monoton.

Modél pangajaran kaitung réa wandana, salah sahijina Modél *Word Square*, ieu modél pangajaran téh kungsi digunakeun dina panalungtikan saméméhna nya eta dina pangajaran kandaga kecap basa Prancis kalawan judulna “Penggunaan Metode *Word Square* dalam Pemerolehan Kosakata Bahasa Prancis (Studi Eksperimen Semu Terhadap Siswa Kelas XII Program Bahasa SMAN 1 Rancaekek Tahun Ajaran 2011/2012)” (Neti Nurhidayah, 2012). basa Jepang kalawan judul “Efektivitas Metode *Word Square* dalam Penguasaan Kosakata Verba Bahasa Jepang: Penelitian Eksperimen Pada Siswa Kelas XI SMAN 2 Bandung”(Fitri Safarini, 2010). Sedengkeun dina pangajaran basa Sunda can kapaluruh aya panalungtik ngeunaan ieu modél.

Dumasar kana masalah di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Word Square* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. Tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*. Ku kituna, panalungtikan anu dijudulan “Modél Pangajaran *Word Square* Dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi

Éksperimen di Kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel Taun Ajaran 2012/2013)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan di identifikasi medar ngeunaan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta ieu panalungtikan anu dilaksanakeun bisa museur, mangka diperlukeun hiji watesan masalah. Ku kituna, ieu panalungtikan leuwih museurkeun kana objék panalungtikanana kana kaefektifan modél pangajaran *Word Square* dina ngaregepkeun dongéng di kelas VII SMP.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watésan masalah, panalungtikan ieu dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel dina ngaregepkeun dongéng saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel dina ngaregepkeun dongéng sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel dina ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar diluhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ningkatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel Taun Ajaran 2012/2013 ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel dina ngaregepkeun dongéng saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*.
- 2) Kamampuh siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel dina ngaregepkeun dongéng sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*.
- 3) Signifikan henteuna kamampuh siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel dina ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Word Square*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu éféktif dina pangajaran ngaregepkeun dongéng pikeun siswa SMP kelas VII.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu mangpaat praktis, diantarana:

- 1) Pikeun Siswa  
Ku digunakeuna modél pangajaran *Word Square* dina pangajaran ngaregepken dongéng, dipiharep siswa bisa aktif dina proses pangajaran sarta bisa nambahan élmu pangaweruh jeung kaparigelan siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.
- 2) Panalungtikan ieu bisa méré alternatif dina hal milih modél pangajaran sangkan aya varéasi dina ngajar jeung siswa bisa maham kana eusi materi pelajaran.
- 3) Pikeun Panalungtik  
Panalungtik bisa mikanyaho kana salah sahiji kaéféktifan modél pangajaran nya éta model pangajaran *Word Square*.

### 1.5 Sistematika Penulisan

Sabada data panalungtikan diolah, hasilna disusun kalawan puguh éntép seureuhna dina wangun skripsi, dina bab I dipedar ngeunaan: ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta sistematika penulisan.

Bab II ngawengku tiori ngeunaan tiori modél pangajaran, modél pangajaran word square, tiori ngaregepkeun, tiori dongéng, modél pangajaran *Word Square* dina pangajaran maca dongéng, anggapan dasar jeung hipotesis.

Bab III ngawengku lokasi, populasi, jeung sample panalungtikan, métode panalungtikan, desain panalungtikan, teknik panalungtikan, instrumen panalungtikan jeung taknik ngolah data.

Bab IV ngawengku hasil data jeung analisis data modél pangajaran *Word Square* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Bab V ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.